

### **BAB III**

#### **METODE PANALITEN**

##### **A. Jinising Panaliten**

Metode inggih menika cara utawi prosedur ingkang sistematis ingkang dipunlakasanakaken dening paneliti wonten ing panaliten supados saged mangertosi kasunyatanipun babagan *fenomena* tertamtu. Metode ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika, inggih menika metode deskriptif. Data ingkang dipunkempalalekn menika arupi tetembungan, gambar sanes angka-angka. Metode deskriptif inggih menika salah satunggaling metode panaliten ingkang dipunlaksanakaken kangge neliiti objek. Objek panaliten deskriptif menika saged arupi nilai Budhaya manungsa, sistem pamikiran *filosofat*, nilai-nilai etika, karya seni, manungsa utawi objek sanesipun. Wonten ing panaliten menika, paneliti badhe ngandharaken kanthi nyata bab teges semantisipun nama-nama papan ingkang wonten ing salebeting Kraton Yogyakarta, saengga panaliten menika kalebet panaliten deskriptif.

Panaliten deskriptif gadhah ancas kangge ngandharaken babagan kawontenanipun salah satunggaling objek menapa wontenipun kanthi nyata, *menelaah* utawi ngandharaken babagan objek, kaliyan perkawis ingkang wonten ing salebeting objek panaliten. Panaliten deskriptif ugi kangge mangsuli menapa ingkang dados fokus panaliten, inggih menika menapa kasunyatanipun utawi menapa *esensi* ingkang wonten ing salebeting objek panaliten.

Wonten ing panaliten menika, paneliti ngginakaken metode deskriptif amargi panaliten menika ngandharaken bab *sosio ekokritik* ingkang wonten ing

salebeting novel Kirti Njunjung Drajat. Kejawi menika data kaliyan kasil saking panaliten menika ugi awujud tetembungan ingkang dipunandharaken kanthi nyata, saengga panaliten menika saged kagolongaken dados panaliten deskriptif.

## **B. Data Kaliyan Sumbering Data**

Data inggih menika salah satunggaling objek panaliten ingkang badhe dipunteliti (Sujono, 2005: 34). Wonten ing ngriki data awujud data keras inggih menika data ingkang boten saged dipunewahi, dipuntambahi saha dipunkirangi. Data wonten ing panaliten menika inggih menika awujud ukara-ukara ingkang wonten ing novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun R.Tg Jasawidagda.

Sumber data inggih menika saking pundi data menika saged dipunpanggihi dening paneliti. Wonten ing panaliten menika sumber datanipun inggih menika sumber data ingkang awujud seratan. Sumber data ingkang awujud seratan inggih menika dhata ingkang dipunpanggihi saking sumber ingkang dipunserat. Salajengipun, data ingkang awujud seratan inggih menika novel Kirti Njunjung Drajat.

## **C. Caranipun Ngempalaken Data**

Amargi sumberipun data menika seratan pramila anggenipun ngempalaken data, panaliti ngginakaken cara kanthi teknik baca kaliyan teknik catat. Sumber ingkang awujud seratan kasebut inggih menika novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun R.Tg Jasawidagda. Wonten ing ngriki, paneliti maso kanthi temenan wosipun novel Kirti Njunjung Drajat, salajengipun paneliti nyerat tetembungan ingkang pokok.

Cara ngempalaken data salajengipun inggih menika teknik baca kaliyan catat. Teknik baca kaliyan catat menika dipunlaksanakaken wonten ing data ingkang awujud seratan (Keesing, 1992: 23). Data ingkang awujud seratan inggih menika Novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun R.Tg Jasawidagda. Wonten ing cara menika, paneliti maos kanthi premati kaliyan nyerat menapa kemawon ingkang wonten gegayutanipun kaliyan *Sosio Ekokritik*. Paneliti maos mapinten-pinten cacahipun supados dhata ingkang kakempalaken saged sami.

Tata cara anggenipun ngempalaken data, wonten ing panaliten menika :

1. Maos kanthi temenan novel Kirti Njunjung DrajatMilih data ingkang awujud *Sosio Ekokritik* ing salebetipun novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun R.Tg Jasawidagda
2. Nggolongaken data ingkang awujud *Sosio Ekokritik* wonten ing kartu data ingkang sampun dipuncawisaken
3. *Analisis* data, kanthi cara madosi makna saking wujud *Sosio EKokritik Sastra* ingkang sampun dipun-golongaken wonten ing kartu data. *Analisis* data kanthi cara *analisis deskriptif*
4. Nggayutaken antawisipun wujud-wujud sosio ekokritik sastra kalawan kadadosan-kadadosan ingkang wonten ing masarakat.

#### D. **Pirantining Panaliten**

Pirantining panaliten inggih menika pirantu menapa kemawon ingkang dipunbetahaken kangge neliti sumber data. Amargi sumber data wonten ing panaliten menika awujud seratan karya sastra novel kanthi irah-irahan Kirti Njunjung Drajat, pramila piranti ingkang dipun-ginakaken inggih menika *Humans*

*Instrumen. Humans Instrumen* inggih menika paneliti ingkang ngawontenaken paneliti piyambak. Kejawi menika, Piranti panaliten sanesipun inggih menika kartu Data. Kartu data dipundamel saderengipun maos ovel ingkang irah-irahanipun Kirti Njunjung Drajat. Kartu data kasebut kados wonten ing ngandhap menika.

Tabel 1. Data Wujud *Ekokritik Sastra*

No	Wujudipun sosio ekokritik sastra	No Edisi	Data Kutipan	terjemahan	No data
1					
2					

Tabel 2. Data Gayutanipun Novel kaliyan Kadadosan Alam ing Masarakat

No	Wujudipun Sosio EKokritiksastra	No Edisi	Wujudipun kadadosan alam ing masarakat	katrangan	No data
1					
2					

Anggenipun ngempalalekn data ngginakaken Piranti-piranti panaliten menika kabiyantu kaliyan piranti-piranti *pendukung* sanesipun. Inggih menika buku, catetan, saha bolpen.

#### **E. Caranipun Ngesahaken Data**

Panaliten menika anggenipun ngesahaken ngginakaken cara *reliabilitas* kaliyan *validitas*. *Reliabilitas* ingkang dipun-ginakaken wonten ing panaliten

menika inggih menika *reliabilitas stabilitas*. *Reliabilitas stabilitas* dipunlaksanakaken adhedhasar katekunanipun paneliti anggenipun ngawontenaken panaliten, supados data ingkang dipunkasilaken saged reliabel. Anggenipun ngandharaken saha nganalisis wujud-wujud saha *implikasi* saking wujud-wujud kasebat kanthi cara katekunanipun paneliti.

*Validitas* ingkang dipun-ginakaken wonten ing panaliten menika inggih menika *validitas interrater*. *Validitas interrater* dipunkasilaken kanthi cara nyuwunaken pirsa kaliyan pakar utawi ahli ingkang wonten sesambetanipun kaliyan panaliten menika. *Expert judgement*(pertimbangan ahli) ingkang dipunkajengaken inggih menika dosen pembimbing, inggih Dosen Pendidikan Bahasa Daerah Universitas Negeri Yogyakarta. Kejawi menika, panaliti ugi nyuwun pirsa dhumateng tiyang ingkang smapun mangertos bab Agama Islam. Salajengipun paneliiti ngawontenaken pamariksaan malih mapinten-pinten kathahipun supados data ingkang dipunkasilaken menika reliabel saha sah kados ingkang dipunkajengaken. Pamariksa data wonten ing panaliten menika dipunlaksanakaken gadhah ancas supados data ingkang dipunkasilaken boten wonten kalepatanipun

#### **F. Teknik Analisis Data**

Panaliti anggenipun nganalisis data wonten ing panaliten menika ngginakaken cara analisis deskriptif. Analisi deskriptif dipunlaksanakaken kanthi cara *mengidentifikasi* kaliyan ngandharaken kanthi nyata wujud-wujud *Sosio*

*Ekokritiki* ing salebetipun novel Kirti Njunjung Drajat saha wujud-wujudipun sosio ekokritik ingkang taksih *relevan* dipunlaksanakaken ing jaman samenika.

Tata carabipun analisis deskriptif wonten ing panaliten menika, inggih menika :

1. Nyerat wujud-wujud *Sosio Ekokritik* ing salebetipun novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun R.Tg Jasawidagda.
2. Nggolongaken wujud-wujud *Sosio Ekokritik* ing salebetipun novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun R.Tg Jasawidagda. ingkang taksih setunggal jinis
3. Nganalisis isi saking wujud-wujud *Sosio Ekokritik* ing salebetipun novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun R.Tg Jasawidagda.
4. Nganalisis *Implikasi* utawi panerapanipun wujud-wujud *Sosio Ekokritik* ing salebetipun novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun R.Tg Jasawidagda wonten ing jaman menika